



Pwokirè Jeneral Massachusetts la, Andrea Joy Campbell, swete Koup di Mond FIFA a byenveni nan Eta nou an. Antanke antrepriz oswa moun k ap anplwaye travayè nan eta nou an, gen enfòmasyon ou dwe konnen pou asire ou respekte lwa nou yo. Si ou pa respekte lwa sa yo, sa ka mennen nan gwo penalite sivil oswa pouswit kriminèl

Sa ki swiv la bay se yon rezime kèk lwa ki aplikab pou anplwayè nan Massachusetts.¹ Lis sa a pa konplè. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt sa a: <http://www.mass.gov/ago/fairlabor>.

Lwa ki diskite anba a aplike pou tout travayè kèlkeswa estati imigrasyon yo.

KLASIFIKASYON TRAVAYÈ: Nan Massachusetts, tout travayè yo prezime kòm anplwaye. Pou yo konsidere kòm yon travayè endepandan, yo dwe lib de tout direksyon, bay yon sèvis deyò aktivite abityèl anplwayè a, epi angaje yo nan yon aktivite komèsyal, pwofesyonèl, oswa lòt aktivite ki gen menm nati ak sèvis yo bay la. *Gade* M.G.L. c. 149, §148B.

SALÈ MINIMÒM: Salè minimòm nan Massachusetts se \$15/èdtan. *Gade* M.G.L. c. 151, § 1 ak 454 CMR 27.02.

LÈ SIPLEMANTÈ: Avèk kèk eksepsyon, travayè yo dwe resevwa 1.5 fwa to èdtan yo pou chak èdtan yo travay apre 40 èdtan pa semèn. *See* M.G.L. c. 151, § 1A ak § 1B; 454 CMR 27.03(3).

TRAVAYÈ TANPORÈ: Travayè yo anboche nan ajans plasman yo pwoteje pa lwa sa yo epi yo resevwa pwoteksyon adisyonèl nan men anplwayè yo. *Gade* M.G.L. c. 149, § 159C ak 454 CMR 24.00.

SÈVIS FÒSE/TRAVAY MENDÈV: Li entèdi pou anplwayè konfiske dokiman oswa zafè anplwaye yo, tankou paspò ak dosye imigrasyon, ni fòse yon moun aksepte oswa kontinye travay atravè menas, vyolans, oswa kontrent. Sa se yon krim nan Massachusetts. Nenpòt moun ki fòse yon lòt moun travay konsa, oswa ki benefisye de travay la, ka fè fas ak prizon e amann. Antrepriz ki pratike trafik travay ka resevwa yon amann ki rive jiska yon milyon dola. *Gade* M.G.L. c. 265, §49 ak §51.

TRAVAY TIMOUN: Lwa sou travay timoun limite kantite èdtan travayè ki poko gen 18 an ka travay ak kalite travay yo ka fè. Anplwayè yo dwe gen Pèmi Travay pou Jèn (pèmi travay) nan dosye pou tout travayè ki poko gen 18 an.

Nan Massachusetts, timoun ki poko gen 14 an pa ka travay, eksepte nan ka ki trè limite.

Gade www.mass.gov/ago/youthemployment *Gade* M.G.L. c. 149, §§56-105.

¹ Pouwwa Pwokirè Jeneral la pou l bay avi legal fòmèl se sèlman pou fonksyonè leta yo, pwokirè distri yo, ak chanm ak komite lejislati a (G.L. c. 12, §§ 3, 6, ak 9). Se poutèt sa, enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa ta dwe entèprete kòm konsèy legal Pwokirè Jeneral la epi yo bay sèlman pou rezon enfòmasyon.



POUBWA: To sèvis pa èdtan nan Massachusetts se \$6.75. Sòm mwayèn ti poubwa pa èdtan an ak to sèvis pa èdtan yo peye anplwaye a dwe rive omwen nan salè minimòm \$15/èdtan pa chift. Anplwayè, pwopriyetè, ak anplwaye ki gen responsablite manadjè pa ka patisipe nan pataje ti poubwa. Pratik sa a otorize sèlman pou sèvè, bamann, ak lòt anplwaye sèvis yo. *Gade* M.G.L. c. 149§ 152A ak M.G.L. c. 151, §7 ak 454 CMR 27.03(2).

PEYE A LÈ: Yon travayè dwe resevwa peman pou tout tan li pase ap fè tach pwofesyonèl li yo, pou tout tan li pase nan lokal anplwayè a, epi pou travay li fè anvan oswa apre lè travay nòmal li yo. Tout poz ak peryòd repo pandan lè travay yo dwe peye, sof si travayè a lib pou l kite lokal anplwayè a epi li konplètman libere de tout obligasyon pwofesyonèl li yo.

Nan ka revokasyon, anplwayè a dwe peye tout salè ki dwe a jiska dat revokasyon an. Li dwe kenbe prèv salè yo peye ak lè travay yo, epi bay anplwaye a yon fich peman ki montre salè li. *Gade* M.G.L. c. 149, § 148; 454 CMR 27.02.

POZ MANJE: Travayè yo pa ka oblije travay plis pase sis èdtan san yon poz omwen 30 minit. Pandan poz yo a, travayè yo dwe lib de tout devwa ki gen rapò ak travay epi yo dwe lib pou kite lokal la. *Gade* M.G.L. c. 149, §§100 and 101.

RELVE PEMAN: Tout anplwaye dwe resevwa, gratis avèk peman yo, yon relve ki montre non anplwayè a ak anplwaye a, dat peman an (mwa, jou ak ane), kantite èdtan travay pandan peryòd peman an, to èdtan an ak tout dediksyon oswa ogmantasyon ki fèt pandan peryòd peman an. *Gade* M.G.L. c. 149, §148.

DOSYE PEWÒL: Dokiman pewòl yo dwe gen ladan non anplwaye a, adrès li, pozisyon/pwofesyon li, kantite lajan li touche pou chak peryòd peman, ak kantite èdtan li travay (pa jou ak pa semèn). Anplwayè yo oblije kenbe dokiman sa yo pandan twa zan. Anplwaye yo gen dwa jwenn aksè a dokiman pewòl yo nan moman ak kote ki rezonab. *Gade* M.G.L. c. 151, §15.

DEKLARASYON SALÈ: Pifò anplwaye yo dwe touche pou 3 èdtan nan yon to omwen ki egal a salè minimòm nan si anplwaye a dwe travay 3 èdtan oswa plis, li prezante tèt li nan travay alè epi li pa konplete kantite èdtan ki te prevwa a. *Gade* 454 CMR 27.04(1).

REPREZAY: Anplwayè yo pa dwe fè reprezay sou travayè ki eseye fè respekte dwa yo anba lalwa Massachusetts. Reprezay gen ladan l revoke, rapòte bay otorite imigrasyon yo, oswa tout lòt fòm pinisyon oswa menas kont yon anplwaye. Reprezay se yon enfraksyon kriminel oswa sivil apa, anplis tout lòt vyolasyon lwa sou salè ak lè travay. *Gade* M.G.L. c. 151, § 19 , and M.G.L. c. 149, § 148A.

ANPLWAYE YO GEN DWA POU YO ENTANTE AKSYON AN JISTIS: Anplwaye yo gen dwa pou yo pouswiv anplwayè yo pou pifò vyolasyon lalwa travay (salè ak lè travay). Yo ka entante yon aksyon endividyèl oswa kolektif si yo gen plent menm jan an. Anplwaye ki genyen ka yo ap resevwa salè ki pa t peye, twa fwa montan domaj yo te akòde a, ak ranbousman frè avoka ak depans tribinal. *Gade* M.G.L. c. 149, § 150; M.G.L. c. 151, § 1B and §20.

Divizyon Travay Ekitab Pwokirè Jeneral la sipèvize aplikasyon lwa eta yo konsènan salè ak lè travay. Pou kesyon konsènan lwa sa yo, tanpri rele liy dirèk Biwo Travay Ekitab la nan nimewo sa a: (617) 727-3465, M-F 10:00AM-4:00PM.

